

**MASSACHUSETTS GENERAL HOSPITAL**

**DEPATMAN IROLOJI**

**ENFÒMASYON ANVAN-OPERASYON**

**AMELYORASYON REKIPERASYON APRE OPERASYON (ERAS) GID  
POU SISTÈKTOMI RADIKAL**

**Enfòmasyon sou Pasyan:**

Non Pasyan: \_\_\_\_\_

Pwosedè Chirijikal: \_\_\_\_\_

Dat Operasyon: \_\_\_\_\_

Lè Operasyon: **Kowòdonatè swen w ap kontakte w 24-48 èdtan anvan dat operasyon w la, pou fè w konnen lè operasyon w la.**

Kote: **MGH Main Campus, 55 Fruit Street, Boston, MA 02114**

**Sant pou Swen Konsènan Operasyon**

**Bilding Wang, 3<sup>yèm</sup> Etaj, Chanm 309**

**Ekip Swen Ou A:**

Chirijyen: \_\_\_\_\_

Rezidan: \_\_\_\_\_

PA/NP: \_\_\_\_\_

Kowòdonatè Swen: \_\_\_\_\_

Telefòn: **(857) 238-3838**

**Yo pwograme randevou telefònik anvan admisyon w pou depistaj, ak depatman anestezi pou: \_\_\_/\_\_\_/\_\_\_ a \_\_\_: \_\_\_. Si w rate apèl sa a, tanpri rele la nan (617) 643-2555.**

**TANPRI NOTIFYE EKIP SWEN OU A IMEDYATMAN:**

- Si w fè alèji ak LATÈKS
- Si w ap pran nenpòt antikowagilan kounye a (medikaman pou anpeche san fè boul). Gen kèk antikowagilan komen ki enkli Coumadin, Eliquis, Xarelto, Lovenox, ak Heparin.
  - **Ou dwe kontakte doktè ki preskri w antikowagilan ou yo pou detèmine si li san danje pou ou kanpe medikaman an.**
- Si ou gen yon maladi kè, tankou stenoza awòtik oswa yon vav atifisyèl.
- Si ou gen yon jwenti atifisyèl, tankou ranplasman anch oswa jenou.
- Si doktè ou te enstwi w pou w pran antibyotik anvan ou ale kay dantis la.

---

**SÈT JOU AVAN OPERASYON AN: \_\_\_/\_\_\_/\_\_\_**

- ✓ **SISPANN pran tout medikaman ki gen aspirin, sof si doktè w di w pou fè otreman.**
- ✓ **SISPANN pran tout vitamin, sipleman a baz plant, ak lwil pwason.**
- ✓ **SISPANN pran medikaman ki gen ibipwofèn, tankou Motrin, Advil, ak Nuprin, ansanm ak Aleve, Celebrex, Naproxen, ak Vioxx.**
- ✓ **Ou ka pran Tylenol sèlman.**
- ✓ **Si yo preskri ou antikowagilan (medikaman pou anpeche san fè boul), tanpri asire w ke ou kontakte doktè ki preskri w yo pou jwenn otorizasyon pou kanpe medikaman an anvan operasyon an.**

---

**TWA JOU AVAN OPERASYON AN: \_\_\_/\_\_\_/\_\_\_**

- ✓ **Chanjman nan rejim alimantè:**
  - Manje manje ki gen anpil idrat kabòn ak anpil pwoteyin, tankou pasta ak vyann.
  - Bwè anpil dlo, Gatorade, ak ji.

---

**DE JOU AVAN OPERASYON AN: \_\_\_/\_\_\_/\_\_\_**

- ✓ Douche avèk savon Chlorhexidine, dapre dokiman ki atache a.
  - Yo pral voye Chlorhexidine lan lakay ou oubyen biwo Chirijyen w la pral bay li.
  - Si w pa resevwa savon Chlorhexidine lan, ou ka achte l nan pifò famasi epi ou pa bezwen yon preskripsyon.
  - Si w te fè w tèspou pou STAPH epi w pozitif, swiv enstriksyon biwo chirijyen w la bay pou w sèvi ak savon Chlorhexidine ak pomad mupirocin pou nen. Doktè w la ap fè w konnen si ou bezwen plis tèspou.
- ✓ **Chanjman nan rejim alimantè:**
  - Manje manje ki gen anpil idrat kabòn ak anpil pwoteyin, tankou pasta ak vyann.
  - Bwè anpil dlo, Gatorade, ak ji.

---

**YON JOU AVAN OPERASYON AN:** \_\_\_/\_\_\_/\_\_\_

- ✓ Douche avèk Chlorhexidine, dapre dokiman ki atache a.
- ✓ **Chanjman nan rejim alimantè:**
  - Ou dwe respekte yon rejim likid klè jodi a.
  - **Yo pa pèmèt okenn manje solid jodi a.**
  - **Likid klè apwouve yo enkli:**
    - Dlo/moso glas
    - Te/kafe nwa (cho oswa frèt, SAN lèt, krèm, oswa krèm ki pa fèt ak lèt)
    - Ji san ma
    - Gatorade (ki pa wouj)
- ✓ Anvan w al dòmi bwè 20-24oz Gatorade (pa sa ki wouj)

---

**JOU CHIRIJIKAL:** \_\_\_/\_\_\_/\_\_\_

- ✓ Y'a vin livre bwason idrat kabòn ba w lakay oubyen y'a ba w l nan biwo Chirijyen ou a.
- ✓ Si ou pa resevwa bwason sa a, tanpri achte 20 ons. Gatorade (pa sa ki wouj) pou itilize kòm bwason idrat kabòn ou.
- ✓ **Konsome bwason idrat kabòn yo bay la apati 4 èdtan anvan epi konplete oswa sispann bwè pa mwens pase 2 èdtan anvan operasyon an.**

- ❖ Pa bliye ke ou pa bezwen reveye nan mitan lannwit pou kòmanse bwè 2 boutèy yo si operasyon ou an pwograme trè bonè nan maten. Olye de sa, eseye repoze byen lannwit lan anvan operasyon ou an.
- ❖ Si ou fè dyabèt, tanpri swiv rejim alimantè rekòmande a epi pa konsome idrat kabòn nan, paske li ka ogmante sik nan san ou.
- ✓ Ou dwe sispann bwè tout likid klè pa mwens pase 2 èdtan anvan operasyon an
- ✓ Douche avèk Chlorhexidine, dapre dokiman ki atache a.
- ✓ Si w pran ensilin, **PA PRAN L**. Pote li avèk ou lopital la.
- ✓ **Pa pran** inibitè ACE (egzanp, Captopril, Lisinopril, Quinapril) nan jou operasyon an.
- ✓ **Pa pran** inibitè reseptè anjyotansin (egzanp, Irbesartan, Valsartan, Losartan) nan jou operasyon an.
- ✓ Tanpri **pran** preskripsyon beta-blokan yo (egzanp, Atenolol, Metoprolol, Propranolol) nan jou operasyon an.
- ✓ Tanpri, **pran** nakotik yo preskri ou yo (pa egzanp, OxyContin) nan jou operasyon an.
- ✓ Pa mete bijou epi pa pote anyen ki gen valè nan lopital la.
- ✓ Prezante ou nan Sant MGH la pou Swen Konsènan Operasyon nan Wang 3 omwen dezèdtan anvan lè ki pwograme pou chiriji w la.
- ✓ Operasyon an pral dire apeprè 8 èdtan.

#### APRE OPERASYON AN:

- Ou pral rete nan PACU (sal rekiperasyon) pou 2-4 èdtan apre operasyon an.
- Yo pral transfere w soti nan PACU a Ellison 6, inite iroloji pou pasyan ki entène. Fanmi w ka rele estasyon enfimyè Ellison 6 la nan (617) 724-4610 pou yo pale ak enfimyè w la.
- N ap konsilte enfimyè ki soti nan Depatman Terapi Enterostomal pandan admisyon w epi y ap rankontre avèk ou pou revize swen stoma w la.

---

**Si w gen kesyon:** Tanpri rele MGH Iroloji nan **(857) 238-3838**. Si w bezwen yon Entèprèt Medikal, tanpri rele nan **(617) 726-6966**.

## ENSTRIKSYON POU DOUCHE



### ENSTRIKSYON POU DOUCHE:

Enstriksyon sa yo ap diferan de enstriksyon ki sou pake Chlorhexidine nan. Enstriksyon pake yo se pou chirijyen ki itilize pwodwi sa a kòm yon antiseptik po anvan yo fè pwosedi chirijikal.



### Tanpri itilize enstriksyon sa yo pou douche:

1. Sèvi ak savon Chlorhexidine olye de savon regilye ou. Pa Sèvi Ak Tou De.
2. Mete chanpou/kondisyonè cheve ou jan ou fè nòmalman anvan ou itilize Chlorhexidine lan.
3. Rense kò ou byen avèk dlo anvan.
4. Fenmen dlo a pou anpeche rensè savon Chlorhexidine lan twò bonè oswa vire do ou bay jè dlo a.
5. Lave depi nan kou al anba. Fè atansyon espesyalman pou w lave pati nan kò w (vant) kote yo pral fè operasyon w lan. Asire w ke ou lave anndan lonbrik ou - ou ka itilize yon aplikatè si sa nesesè pou ede ak sa a.
6. Lave dousman pandan senk (5) minit. Pa fwote po ou twò fò. Ou ka itilize yon eponj pou ede savon an kimen.
7. Pèmèt Chlorhexidine lan seche sou po ou pou 1 minit anvan w rensè l.
8. Ouvè dlo a ankò, oswa vire fè fas a dlo k ap vide a, rensè byen epi seche w dousman avèk yon sèvyèt pwòp.
9. Pa poudre, aplike losyon, deyodoran, oswa pwodwi cheve apre twazyèm douch la.
10. Pa raze zòn kò ou kote yo pral fè operasyon an. Raze ogmante risk pou enfeksyon.

### PA SÈVI AK CHLORHEXIDINE:

- Si ou gen yon alèji ak pwodwi ki gen Chlorhexidine.
  - Si w fè alèji, pale ak doktè w pou w itilize yon savon anti-bakteri pito.
- Sou tèt ou, figi ou, oswa pati prive w.
- Si savon an antre nan je ou rensè avèk dlo.

Reyaksyon alèjik ak reyaksyon po yo ra, men yo ka rive. Si ou devlope yon gratèl oswa iritasyon po, tanpri kontakte doktè ou. Si w devlope yon reyaksyon alèjik ki enplike itikè oswa difikilte pou respire, rele 911 oswa ale nan depatman ijans ki pi pre w la.